



Kesyon ki poze pi souvan sou ka Pwopriyetè/Lokatè (Landlord Tenant Frequently Asked Questions – Haitian Creole)

- Lojman, Legal ak Itilite Piblik
- Ki tip Reklamasyon ki konn Prezante?
- Ki kote pou mwen Prezante yon Plent Pwopriyetè/Lokatè?
- Kijan pou mwen fè pou mwen Prezante yon Plent Pwopriyetè/Lokatè?
- Konbyen Frè pou prezante Plent la ye?
- A Kisa Pou M Atann Mwen yon Fwa Ka a Finn Depoze
- Jijman
- Ki sa kap rive jou Jijman a?
- Kisa ki rive si Pwopriyetè a Jwenn yon Jijman pou Posesyon?
- Kisa Lokatè a kab fè aprè yo finn Pwononse yon Jijman pou Posesyon?
- Kisa kap rive ak Depo Garanti Rezidansyèl la?
- Lokal ke map lwe aktyèlman a ap fè fas a yon Aksyon pou Sezi lokal la, Èske yap fòse mwen demenaje poutèt yo Sezi lokal la?

Seksyon Pati Sivil Espesyal tribinal la rezoud pifò konfli ant Pwopriyetè ak lokatè. Seksyon Pwopriyetè/Lokatè se youn nan twa seksyon nan Pati Sivil Espesyal la.

Lòt de seksyon yo se Tribinal premye enstans (SC Ajanda Kalandriye Tribinal la) ak Pati Sivil Espesyal la (DC Ajanda Kalandriye Tribinal la). W ap jwenn tout depliyon yo ak kesyon ki poze le pli souvan (FAQs) nan tou twa seksyon sou sit njcourts.gov.

Pati FAQ bay enfòmasyon jeneral sou Seksyon Pwopriyetè/Lokatè a. Li pa la ni pou bay ni pou ranplase konsèy legal oswa reponn chak kesyon ou ta ka genyen konsènan tribinal la.

Lojman, Legal ak Itilite Piblik

Anplwaye tribinal la kab ba w lis tout ajans ki ta kab ede w ak lwaye,abri tanporè oswa sèvis legal. Enfòmasyon konsènan pwogram èd pou lwaye (enkli sa ki gen rapò ak pandemi COVID-19 la) disponib an liy nan <https://www.nj.gov/dca/divisions/dhcr/>. Tout resous yo disponib tou an liy nan njcourts.gov.

Pou konsèy legal konsènan dwa w yo, ou fèt pou kontakte yon avoka. Si w pa gen avoka, ou kab kontakte Sèvis Referans Avoka nan Bawo Konte a. Si w pa gen mwayen pou pran avoka, ou gendwa kontakte Pwogram Sèvis Legal nan konte w an pou wè si w elijib pou resevwa sèvis legal gratis. Ou gendwa kontakte tou Asistans Telefonik Sèvis Legal Nyoudjèze a nan 1-888-576-5529.

Ki tip Reklamasyon ki konn Prezante?

Yon Pwopriyetè fèt pou depoze plent li nan Seksyon Pati Espesyal Pwopriyetè/Lokatè a pou deloje yon lokatè. Rezon pi komen pou delojman (ak entèdi aksè ba lokatè a) se:

- Pa peye lwaye.
- Pètibe lòd piblik san rete.
- Fè espre pou detwi oswa domaje pwopriyete.
- Peye lwaye an reta toutan.
- Vyolasyon règleman ak lwa yo, aprè avi pou obeyi, jan li parèt sou kontra lokasyon a oswa lòt dokiman.
- Si lokatè a gen kondanasyon pou ofans dwòg.

Anvan ou depoze yon plent kont Pwopriyetè/Lokatè pou lòt rezon ki pa poutèt lwaye ki pa peye, pwopriyetè a fèt pou bay lokatè a avi alekri pou l sispann ak sèten konpòtman. Sel lè lokatè a kontinye ak move konpòtman malgre li finn resevwa avi ki mande l pou sispann la, pwopriyetè kab eseye deloje lokatè a. Lalwa Federal egzije ke yon pwopriyetè ki mèt lojman piblik fèt pou voye kopi plent la ak nenpòt ki avi delojman ba Otorite Responsab Lojman Piblik la/Public Housing Authority (“PHA”) omoman ou oubyen anvan plent la depoze nan tribinal.

Pwopriyetè oswa Lokatè ki se yon sosyete, sosyete a responsabilite limite oswa patenarya limite fèt pou reprezante pa yon avoka Nyoudjèze nan tout koze ki depoze nan Seksyon Pwopriyetè Lokatè a. Yo pa pèmèt pou okenn Pwopriyetè oswa Lokatè ki ta youn nan tip antrepriz sa yo pou voye kèk lòt reprezantan ki pa yon Avoka agreye Nyoudjèze oswa lòt avoka ki apwouve pa tribinal la. Tout Asosye nan yon Asosyasyon jeneral gendwa reprezante tèt yo nan seksyon pou koze Pwopriyetè/Lokatè Pati Sivil Espesyal Tribinal la.

Ki kote pou mwen Prezante yon Plent Pwopriyetè/Lokatè?

Pwopriyetè yo fèt pou depoze plent sou koze Pwopriyetè/Lokatè nan Biwo Pati Sivil Espesyal nan konte kote lokasyon a sitiye.

Kijan pou mwen fè pou mwen Prezante yon Plent Pwopriyetè/Lokatè?

Tout Pwopriyetè fèt pou depoze yon *Plent ki Verifye, Konvokasyon ak Siyati akize resepsyon (Verified Complaint, Summons and Return of Service)* ak yon *Deklarasyon enfòmasyon sou dosye a (Landlord Case Information Statement)* nan tribinal la. Li fèt pou gen ladann tou, tout avi ki te prezante ba lokatè ki va sèvi kom sipò nan jijman a. Wa va jwenn tout fòm egzijib yo, ansanm ak yon lis biwo Pati Sivil Espesyal yo, tout adrès yo, ak nimewo telefòn sou sit web tribinal la nan njcourts.gov.

Si w se yon Pwopriyetè ki pa reprezante pa avoka, voye tout fòm egzijib yo ak nenpòt ki avi ke w ta renmen itilize kom sipò nan jijman a ba lokatè a, ansanm ak tout frè apwopriye yo, ba tribinal la pa lapòs oswa atravè Sistèm pou Dokiman Jidisyè ki depoze pa vwa Elektwonik (JEDS), ale nan njcourts.gov. Tout avoka fèt pou depoze plent yo atravè sistèm elektwonik

tribinal la. Grefye tribinal la ap refize nenpòt ki dokiman avoka ta prezante sou papye oswa atravè sistèm JEDS la e yo pap jwenn ranbousman frè ke yo peye pou depoze plent la.

Lè w ap depoze yon plent ou fèt pou enkli ladann:

- Non ak Siyati w, adrès kote w resevwa lapòs, adrès imèl ak nimewo telefòn.
- Pou asire akize resepsyon plent la, bay non (oswa non yo) ki korèk la, ak adrès (oswa adrès yo) de moun (oswa moun yo) ki nonmen sou plent la ak akize a (akize yo)/lokatè yo. Li enpòtan anpil ke akize a/lokatè a idantifye korèkteman antan ke endividi, antrepriz endividyèl, yon asosyasyon oswa kòporasyon. Si w konnen adrès imèl lokatè a, ou fèt pou enkli li kote li mande w li.
- Bay tout enfòmasyon pou tip plent ki depoze a, jan li parèt sou fòm yo.
- Tout plent Pwopriyetè/Lokatè kont lokatè rezidansyèl yo, pou mank peyman lwaye fèt pou siyen ak verifye pa yon moun ki gen konesans pèsònèl de tout done yo ki sipòte plent la. Gen lòt faktè espesifik ki fèt pou ladann ak verifye jan li parèt sou fòm plent la.
- Si se w kap depoze plent la pou lòt rezon apà de lwaye ki pa peye, ou fèt pou kole tout avi aplikab yo ke w te deja voye ba lokatè a epi ke w pral itilize kom sipò nan jijman a.
- Siye ak date tout fòm ki finn ranpli yo.
- Peye frè pou depoze plent la ansanm ak tout frè sèvis yo lè w ap depoze yon plent nan Biwo Pati Sivil Espesyal la.
- Si w ap depoze plent la atravè Sistèm Elektwonik Dokiman Jidisyè a (JEDS), ou gendwa peye tout frè pou depoze plent la ak kat kredi oswa kont garanti. Gen yon chaj de 3% pou pwosese frè sèvis sa a sou kat kredi. Si w ap depoze plent la pa lapòs, mete yon chèk pou tout frè depo yo (sonje pou mete ladan frè sèvis la). Chèk ou a fèt pou fèt alòd de *Treasurer, State of New Jersey*.

Konbyen Frè pou prezante Plent la ye?

Pri pou depoze yon plent nan Seksyon Pwopriyetè/Lokatè a:

- \$50 pou yon akize/lokatè.
- \$5 pou chak akize/lokatè adisyonèl.
- \$7 frè sèvis pou Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la kab livre avi pwosè sivil la ba lokatè/akize a (yo).

A Kisa Pou M Atann Mwen yon Fwa Ka a Finn Depoze

Koferans sou Jesyon Dosye a

Koferans sou jesyon ka a obligatwa, epi yap pwograme youn nan dosye w a. W oblije asiste konferans la. Pifò nan konferans yo ap fèt vityèl, ou pap oblije prezante an pèsòn nan tribinal la. Pandan konferans la, w ap reyini ak anplwaye tribinal la ka pral pran tout enfòmasyon ou yo ak founi w ak enfòmasyon sou èd pou lojman, legal ak itilite piblik yo oswa nenpòt ki lòt

enfòmasyon ki ta gen rapò ak koze sa yo. Yap ba w opòtinite tou pou eseye fè yon antant nan ka a sa w pa bezwen al nan jijman. Wa va resevwa avi de tribinal la konsènan orè konferans la ak enfòmasyon pi detaye. Adefo de konparasyon nan odyans la ta kab abouti nan anilasyon plent la si se w ki pwopriyete a oswa yo emèt yon jijman pa defo si se w ki lokate a. Si w pakab asiste, ou fèt pou kontakte tribinal la davans pou repwograme odyans la.

Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka Pwopriyete a (Landlord Case Information Statement - LCIS) epi Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka Lokate a (Tenant Case Information Statement - TCIS)

Pwopriyete (yo) ak Lokate (yo) fèt pou ranpli yon Deklarasyon Enfòmasyon sou Ka a ki fèt pou depoze nan tribinal la omwen 5 jou anvan Konferans sou Jesyon Dosye a. Wap jwenn tout fòm sa yo sou njcourts.gov. Enfòmasyon ki parèt sou Deklarasyon Enfòmasyon Ka a pa admisib kom prèv.

Jijman

Si w pa rive a yon antant nan ka a, ya va pwogramel pou jijman omwen 14 jou apati de dat Konferans sou Jesyon Ka a. Ou fèt pou prezante nan jijman a. Pifò nan jijman yo fèt an pesòn.. Si w pakab asiste vityèlman, kontakte Biwo Pati Sivil Espesyal la pou mande pèmision pou konparèt pa vwa vityèl.

Pwopriyete

Si se w ki pwopriyete a, ou fèt pou pwouve ke tout deklarasyon ki parèt sou plent la se laverite. Pran dispozisyon pou mete ala disponibilite tout temwen ou pral bezwen yo pou pwouve ka w a. Deklarasyon alekri, menm si se ta sou sèman, pakab sèvi kom prèv. Yap pèmèt temwayaj dirèk de temwen a selman. Prepare kesyon ou yo alavans.

Pare pou prezante tout dosye w yo de nenpòt ki tranzaksyon ki ta ka ede w pwouve ka w a. Kankou dosye ki gen ladan yo:

- Kontra Lojman, devi, bòdwo, resi lwaye oswa rejis kontabilite.
- Chèk san fon.
- Tout lèt ak foto yo.
- Tout lòt dokiman ki pwouve sa wap reklame a.

Si se pwopriyete a w ye epi w ta renmen retire plent la, rele Biwo Pati Sivil Espesyal la touswit pou yo kab rapòte ka a, antan ke ka klase epi pou yo anile nenpòt ki entèprèt oswa aranjanman espesyal, si ta gen kèk, ki te fèt. Si w ansanm ak lokate a rive fè yon antant nan ka a anvan dat pwograme jijman a, e li ta gen pou wè ak yon pwopriyete rezidansyèl, jij la kab bezwen fè revizyon ak apwouve antant la pou sizoka youn nan pati yo ta bezwen ranfòsel nan lavni.

Lokate

Si se lokate w ye, ou kab prezante prèv ki sipòte pozisyon ou. Fè aranjanman pou gen temwen ou bezwen pou pwouve ka w a, disponib. Yon deklarasyon alekri menm si se sou sèman pakab

itilize nan tribinal. Yap pèmèt temwayaj dirèk de temwen a selman.

Pare pou prezante tout dosye w yo de nenpòt ki tranzaksyon ki ta ka ede w pwouve ka w a. Kankou dosye ki gen ladan yo:

- Tout resi lwaye yo, chèk ki touche deja yo.
- Kontra lokasyon yo.
- Tout lèt ak avi a oswa de pwopriyetè a.
- Tout foto yo.
- Tout lòt dokiman ki pwouve ka w a.

Si w pako peye lwaye w paske pwopriyetè a pat fè reparasyon nesesè yo, ou fèt pou pwouve ba tribinal la gravite pwoblèm yo ak kijan yo afekte izaj pwopriyete w lwe a. Si w pa peye lwaye a, ou fèt pou genyen montan pwopriyetè a, ap reklame w dwe a disponib pou tribinal la. Yaksepte kash, chèk sètifye, oswa Manda Postal alòd de *Treasurer, State of New Jersey*

Ki sa kap rive jou Jijman a?

Toude, lokatè ak pwopriyetè fèt pou prezante an pèsòn nan jijman a, amwens ke tribinal apwouve konparisyon ou pa vwa vityèl davans. Pare ak tout prèv ak temwen w pral bezwen pou prezante ka w a. Si ni pwopriyetè ni lokatè a prezante, yap oblije reyini ak yon medyatè apwouve pa tribinal la pou eseye fè yon antant nan ka a. Moun sa se pa yon jij li ye, epi li pral eseye ede pwopriyetè ak lokatè a rive a yon aranjanman.

Si nou rive fè yon antant, tout fòm antant oswa aranjanman yo disponib de fason pou mete antant la alekri. Li fèt pou revize ak/oswa apwouve pa jij la lè lokatè a pa gen avoka kap reprezante l e li gen pou wè ak pwopriyete rezidansyèl.

Ni pwopriyetè a ni lokatè a ap kab prezante ka yo ba jij la si yo pa rive jwenn yon antant nan ka a:

- Si jij la bay lokatè a rezon, ka a ap klase
- Si jij la ta bay pwopriyetè rezon yap pèmèt yon “*judgment for possession*”. Jijman pa defo pou posesyon se yon lòd tribinal ki pèmèt pwopriyetè a, nan yon tan limit byen espesifik, pou yon Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la deloje lokatè a de pwopriyete a (delojman).

Si pwopriyetè a pa konparèt nan dat a lè ki pwograme a, yap klase ka a. Si se lokatè a ki pa konparèt sa vle di ke pwopriyetè a gendwa aplike pou resevwa yon jijman pa defo kont lokatè a, epi yo kab deloje lokatè a si yo akòde jijman a. Pwopriyetè a fèt pou li depoze tout fòm sètifikasyon yo egzije yo, pou ka jwenn yon jijman pou posesyon pa defo. Pwopriyetè a, nan yon tan limit espesifik, ap kab fè Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la deloje lokatè a de pwopriyete a (delojman).

Si plent pwopriyetè a se pa pou peyman lwaye li ye, epi lokatè ofri pou l peye lwaye ki dwe a, plis tout frè tribinal yo, anvan jou jijman a, pwopriyetè a oblije aksepte lwaye epi ka a ap klase. Si pwopriyetè a pa aksepte lajan a, lajan a kab depoze nan Biwo Pati Sivil Espesyal la. Yo pap emèt jijman a ak/oswa ya va klasel san prejije (sa vle di ke pwopriyetè a ap gendwa redepoze plent la kont lokatè a) epi lokatè pap oblije demenaje de pwopriyete a.

Si plent pwopriyetè a se poutèt lokatè a pa peye lwaye epi lokatè rezidansyèl la ta peye tout lwaye li dwe a, plis tout frè yo nan yon delè de two jou ouvrab aprè yo finn deja deloje l, pwopriyetè a fèt pou aksepte ak notifie tribinal la pou li klase ka a ak prejije (sa vle di ke pwopriyetè a pa gendwa re depoze ka a kont lokatè a). Pwopriyetè ta kab resevwa yon amann de \$500 si li:

- pa aksepte tout peyman an, plis tout frè tribinal ki aplike yo;
- si li pa kowopere ak òganizasyon de byenfezans la oswa pwogram èd pou lwaye ki te deja angaje pou peye lwaye lokatè; ak/osa
- li pa ta notifie tribinal la pou yo klase ka a ak prejije.

Kisa ki rive si Pwopriyetè a Jwenn yon Jijman pou Posesyon?

Si yakòde pwopriyetè a yon jijman pou posesyon, pwopriyetè a kab aplike nan Biwo Pati Sivil Espesyal la pou yon manda delojman, ka va pèmèt pwopriyetè fòse lokatè a deloje de lokasyon a (delojman). Twa jou ouvrab aprè yo finn pwononse jijman a, pwopriyetè a ta kab mande tribinal la pou li emèt yon manda pou Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la deloje lokatè a. Frè pou yon manda delojman se \$35 plis \$7 pou livre lòd tribinal la.

Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la fèt pou bay yon lokatè *rezidansyèl* omwen twa (3) jou ouvrab pou li demenaje ak tout efè pèsònèl li yo de pwopriyete a. Dat sa pa gen ladann jou ferye, wikenn yo, oswa dat manda delojman orijinal la te livre nan rezidans lokatè a pa Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la. Pou tout lokatè *komèsyal* yo, avi sa a pa egzijib, paske fonksyonè a kab livre manda delojman a ak deloje lokatè komèsyal la a nenpòt ki moman.

Si lokatè rezidansyèl pa demenaje aprè twa (3) jou ouvrab yo apati de dat yo livre manda delojman a, pwopriyetè a fèt pou fè aranjman dirèk ak Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la pou deloje lokatè a oubyen kadhase pwopriyete a. Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la va enfòmè pwopriyetè a de nenpòt ki lòt frè posib pou delojman sa a, ke pwopriyetè a fèt pou aksepte e ki pa gendwa depase \$75. Pwopriyetè a ap peye pou frè sa a ak yon \$7.00 dirèkteman ba Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la pou livre manda a.

Après delojman a, pwopriyetè a fèt pou l pèmèt lokatè a retire tout efè pèsònèl li yo de pwopriyete a. Si lokatè a deloje pwopriyete a men li pa retire tout efè pèsònèl liyo, pwopriyetè oblije obeyi tout dispozisyon lwa Noudjèze ki gen rapò ak Lokatè ki Abandone yon Pwopriyete (New Jersey Tenant's Abandoned Property). Pwopriyetè a fèt pou li konsilte yon avoka pou tout egzijans sa yo.

Pwopriyetè a fèt pou aplike pou yon manda delojman (delojman) nan lespas de 30 jou apati de dat jijman pou posesyon pwononse amwens ke yo ta sispann oswa kanpe jijman a (retade) atravè yon manda tribinal oswa yon antant alekri ki siyen pa pwopriyetè a ak lokatè a.

Pwopriyetè a fèt pou fè Fonksyonè Pati Sivil Espesyal la egzekite manda delojman a nan 30 jou apati de dat yo te emèt manda a amwens ke jijman a ta sispann oswa kanpe tanporèman atravè yon lòd tribinal oswa yon antant alekri siyen pa pwopriyetè ak lokatè.

Kisa Lokatè a kab fè aprè yo finn Pwononse yon Jijman pou Posesyon?

Si plent pwopriyetè a se pou non-peyman lwaye, lokatè rezidansyèl la kab peye tout lwaye ke li dwe a, plis tout frè apwopriye yo, jiska twa jou ouvrab aprè yo finn deloje l, epi pwopriyetè a fèt pou voye yon lèt oswa avi ba tribinal la pou mande klase dosye a ak prejije (sa vle di ke pwopriyetè a pa gendwa redepoze ka a kont lokatè a ankò). Pwopriyetè **fèt pou l aksepte** peyman lokatè a; mèzalò, peyman fèt pou fèt ak fon sètifye (chèk labank), manda postal oswa kash. Pwopriyetè **pa oblije aksepte** peyman chèk pèsònèl nan men lokatè a. Yon lokatè gendwa prezante yon petisyon pou yo klase ka a si pwopriyetè a pa ta founi l ak lèt oswa avi egzijib ba Tribinal la aprè li finn resevwa tout lwaye ki te dwe a, plis tout frè apwopriye yo, oswa si pwopriyetè a refize aksepte òf peyman konplè a.

Pwopriyetè ta kab resevwa yon amann \$500 si li:

- Pa aksepte tout lwaye ki dwe a, anvan twa jou ouvrab apati de dat delojman a, plis nenpòt ki lòt frè tribinal apwopriye yo;
- Pa kowòpere ak òganizasyon byenfezans oswa pwogram èd pou lwaye ki te deja angaje pou peye lwaye lokatè a; ak/oswa
- pa notifiye tribinal la pou li klase ka a san prejije.

Yon Lokatè kab mande tribinal la pèmisyon pou rete nan pwopriyete a poutèt difikilte espesyal oswa difikilte demenajman ta ka reprezante. Si yo akòde l pèmisyon, lokatè a pap kab rete nan pwopriyete a pou plis de si mwa, epi tout lwaye ki dwe, ak tout lwaye nan lavni pandan “Sejou Difisil la”, fèt pou peye

Lokatè a gendwa mande tou pou yon sejou tanporè epi mande tribinal la pou yon Manda pou Demenajman san Lanpresman (Order for Orderly Removal) ki, jeneralman, pa depase plis de 7 jou sivil.

An konklizyon, yon lokatè gendwa depoze yon petisyon pou yo bife jijman pou posesyon men sa pa ni rete ni kanpe pwosesis delojman a amwens ke tribinal la ta òdonel. Nenpòt nan demann sa yo ke lokatè ta fè pou jwenn soulajman fèt pou fèt ak avi ba pwopriyetè a epi li fèt pou fèt nan lespas de 10 jou apati de dat delojman a.

Kisa kap rive ak Depo Garanti Rezidansyèl la?

Pwopriyetè a fèt pou depoze depo garanti a nan yon kont ak entèrè nan labank oswa nan yon asosyasyon epay ak prè nan Noudjèze omoman kontra lokasyon a siyen. Pwopriyetè a fèt pou

bay lokatè avi alekri de ki bo lajan a depoze nan 30 jou.

Si Pwopriyetè a pa remèt depo garanti a nan lespas de 30 jou apati de dat lokatè a demenaje oswa kite pwopriyete a, lokatè a gendwa asiye pou l rekipere le doub de montan yo dwe l la, plis tout frè tribinal yo ak frè avoka yo si ta gen kèk.

- Si montan a se \$5,000 oswa mwens, lokatè a gendwa prezante yon plent nan Seksyon Tribinal premye enstans la Pati Sivil Espesyal la.
- Si montan a depase \$5,000, lokatè a gendwa asiye nan Pati Sivil Espesyal la.
- Si montan depase \$20,000, lokatè a oblije asiye nan seksyon pati sivil Divizyon Lalwa a.

Pwopriyetè a fèt pou l notifie lokatè a, nan yon delè de 30 jou apati de dat lokatè a demenaje pwopriyete an lokasyon a, si pwopriyetè a gen lentansyon kenbe yon pati oswa tout lajan depo garanti a pou peye pou lwaye ki pat peye ak/oswa peye pou tout frè reparasyon yo si ta gen okenn. Si montan dega lokatè a koze plis lwaye ki pa peye depase depo garanti a, pwopriyetè a kab asiye pou lajan adisyonèl la.

Si yo vann yon bilding rezidansyèl, vandè a fèt pou remèt chak depo garanti plis entèrè ba achte a, ak notifie chak lokatè pa lèt rekomande oswa sètifye.

Lokal ke map lwe aktyèlman a ap fè fas a yon Aksyon pou Sezi lokal la, Èske yap fòse mwen demenaje poutèt yo Sezi lokal la?

Yo PAP deloje yon lokatè poutèt yo sezi pwopriyete a. Jeneralman lokasyon rezidansyèl pa afekte pa sezi yo. Le fèt ke bilding la, kote lokatè ap lwe gen yon poze sele sou li, pifò fwa PA afekte lokatè rezidansyèl ki an règ ak tout bagay. Achte a nan lavant sheriff la ava re pran bilding ak rezèv de tout dwa lokatè yo.